VI гуманитарные открытые Шёгреновские ученические чтения

Направление: Литературоведение осетинское

Название работы: **Сафайы рæхысы ахадындзинад æмæ бынат ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад æмæ аив литературæйы.**

Автор работы: Сабанова Анастасия Артуровна,
10 «А» класс.
Место выполнения работы: МБОУ СОШ №3

Научный руководитель: Валиева Илона Тенгизовна,
преподаватель осетинского языка и литературы.

Владикавказ 2015

Сæргæндтæ

I. Разныхас.

II. Сæйраг хай

1. 1. Сафа - къонайы рæхысы бардуаг.

2.1. Сафайы рæхысы ахадындзинад æмæ бынат ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад æмæ аив литературæйы.

III. Кæронбæттæн.

IV. Библиографи.

V. Уæлæмхасæн æрмæг.

Разныхас

Ирон мифологийы уидæгтæ тынг арф ацыдысты историйы. Стыр цымыдиссаг у ирон мифологийы Сафайы фæлгонц. Сафа у артдзœсты, къонайы рœхысы, цыргъаджы œмœ бинонты царды зœд. Нœ фыдœлтœм œппœты кадджындœр зœдтœй иу . Сафайы фæлгонц æрмæст мифологийы не ’мбæлы , фæлæ-ма аив литературæйы дæр.

Нæ наукон - иртасæн куысты темæ у «Сафайы рæхысы ахадындзинад æмæ бынат ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад æмæ аив литературæйы».

Темæйы **актуалондзинад**:Ирон адæмы фыдæлтæ кæддæр артмæ куывтой, æмæ цыдæриддæр артимæ баст ис, уый сын табуйаг уыд. Ныры дуджы фæсивæды цымыдисдзинад алцæмæ дæр фæцудыдта, æмæ абоны хистæр фæлтæры бахъуыд фæстæмæ ивгъуыдмæ акæсын, уым ссарын дзуапп абоны фарстатæн.

Нæ куысты **нысан** у сбæрæг кæнын æмæ бинонытдæрæй æркæсын, куыд æвдыст æрцыд Сафайы рæхысы фæлгонц ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад æмæ аив литературæйы. Ацы фарста махмæ гæсгæ у актуалон, цымыдис аг æмæ йæм фаг æркаст нæй. Нæ куысты мидæг нын уыд къуыхцытæ, ацы темæйыл сæрмагонд куыст кæй нæй, уый тыххæй.

Цæмæй нæ нысан сæххæст кæнæм, уый тыххæй нæ размæ æрæвæрдтам ахæм **хæстæ:**

1) Сафайы фæлгонц раиртасын.
2) Сафайы рæхысы ахадындзинад æмæ бынат ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад æмæ литературæйы æрфыссын.

Нæ наукон – иртасæн куысты **нысаниуæг** уый мидæг ис, æмæ кæд абон хæдзары астæу къона нал кæнынц æмæ Сафаимæ баст æгъдæуттæ рохуаты зайынц , уæддæр хъуамæ рæзгæ фæлтæр зоной: чи у Сафа, къонайы рæхыс, цавæр кад йын уыд, нæ равзæрдæй абонмæ, цавæр сокралон мидис ис Сафаимæ баст æгъдæутты. Стæй ирон литературæйы, фольклоры куыд æвдыст æрцыд, уый.

Нæ куысты **спайда кодтам**: Абайты В., В.Миллер, Цгъойты Х. куыстытæй, «Ирон адæмы этнографии æмæ мифологи»-йы чиныгæй, «Ирон адœмон сфœлдыстад»-ы 2 томæй, « Нарты кадджытæй », Гæздæнты В. С. «Традиционная осетинская свадьба»-йæ, Хетагуров К. Л. «Особа»-йæ æ. æнд.

Куыст **арæзт** у разныхас, сæйраг хай, кæронбæттæн, библиографийæ æмæ уæлæмхасæн æрмæгæй.

Сайраг хай.

1. Сафа – къонайы рæхысы бардуаг.

Стыр цымыдис аг у ирон мифологийы Сафайы фæлгонц.

Абайты Васомæ гæсгæ, Сафа у тынг рагон артдзæсты бардуаг, йæ прототип уыдис скифаг сылгоймаг Хуыцау Табити, йæ ном нысан кæны «Согревающая»,ома'тавын'-'согревать'.Геродот Табитийы барста бердзейнаг къонайы бардуаг Гестияимæ. Фæлæ алантæ X æнусы Чырыстон дин куы райстой уæд, фылдæр рагон бардуагтæн лæвæрд æрцыд хурныгуылæны аргъуаны зындгонд сыгъдæджыты нæмттæ. «Дызæрдыггаг нæу, - дзырдта ахуыргонд, - æмæ рагон къонайы бардуаг Чырыстон динимæ йæ ном кæй раивта, æмæ ссис Safa, ома Савва, сыгъдæджы ном Савва». [Абайты В. 1973: 9-10]

Чиныг «Ирон адæмы этнографи æмæ мифологи» - йы Сафайы тыххæй ис ахæм æмбарынад :

«Сафа – къонайы дзуар ирон мифологийы, къонайы рæхыс саразæг æмæ йæ бардуаг, йæ лæвар адæмæн къонайы рæхыс нымад цæуы æппæты ахсджиагдæр æмæ уæлфæдзæхстдæр дзаумайыл. Нарты эпосы у уæларвцæрæг. Нартимæ йын ис хæлар ахастдзинæдтæ. Иуæй-иу кадджыты æвдыст цæуы Хуыцау – куырды хуызы, арæх æй хонынц «æрвон» Сафа».

[Ирон адœмы этнографи œмœ мифологи, 1994:122-123]

В. Миллер Сафайы фæлгонц æмæ ахадындзинад иртасгæйæ, фæнысан кодта: « Что касается имени Сафа , то оно для меня совершенно темно». [Миллер В. Ф., 1881:249]

Цгъойты Хазби, йæ чиныг « Арвы дуар»-ы, фæбæлвырддæр кодта Сафайы тыххæй æмбарынад: «Сафа–ирон мифологийы артдзœсты, къонайы рœхысы, цыргъаджы œмœ бинонты царды зœд. Нœ фыдœлтœм œппœты кадджындœр зœдтœй иу.

Сафа бады Уасхойы бœрзондыл. Уый хъахъхъœны артдзœсты зынг, бинонты фарн, цыргъаг- кардœй - фœрœтœй сты йœ къухы. Бынтон табуйаг та сты уœларвы йœ къухœй арœзт къонайы рœхыстœ». [Цгъойты Х. 2005: 159-160]

Рæхыс -къонайы рæхыс, фыдæлтыккон ирон хæдзары æнæмæнг чи хъуыдис æмæ уыдис, ахæм дзаума. Ирон адæмы зондахасты рæхыс иу кодта, бинонты иудзинадыл æмæ фарныл дзурæг чи уыд, уыцы артдзæст – къонайы тыххæй цыдæриддæр æмбарынадæй уыдис, уыдон иууылдæр. [Ирон адœмы этнографи œмœ мифологи, 1994:114-115]

Абайты В. йæ чиныг «Историко-этимологический словарь осетинского языка»-йы дзырд рæхыс, афтæ раиртæста: «Ræxys/ ræxis ‘цепь’ – къонайы рæхыс, ирон адæмæ нымад уыдис уаз дзаумайыл, йæ бардуаг Safa. Алы хохаг хæдзары дæр уыд артдзæст, йæ сæрмæ та – уæларты рæхыс. Зындгонд куырдты арæзт рæхыстæ. Фæлæ дзы уыдис ахæмтæ дæр, адæм уæларвæй Сафайæ рауадзгæ рæхыстæ кæй хуыдтой. Ахæм рæхыстæ-иу цы бинонтæм, хæдзарвæндагмæ, хъæубæстæм уыдис, уыдон сæхи стыр амонджын хуыдтой. Ныр дæр ма сæ хæхбæсты бирæ бинонтæ сæ къонайы сæрæй нæ рафтыдтой, быдырмæ чи ралыгъд, уыдон та сæ бæрæг ран сауыгътой, кæнæ арф бафснайдтой æмæ сæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнынц».

«Ирон адœмы этнографи œмœ мифологи» -йы чиныг къонайы тыххœй, афтæ фыссы:«Къона–хæдзары артдзæст, ирон бинонты æппæты сыгъдæгдæр, зынаргъдæр æмæ кадджындæр хæзна». [Ирон адœмы этнографи œмœ мифологи, 1994:85-86]

«Ирон - уырысаг дзырдуат» дзырд «къона» тæлмац кæны, куыд:

1) очаг, костер;

2) жилище, дом, очаг;

3) ласкательное: милый, мœ къона, мой милый.

[Гуыриаты Т. 1993: 195]

Къонайы рæхысы цур -иу райдыдта æмæ фæцис йæ цард ирон адæймагæн. Сафайы номимæ баст сты бинонты циклы æгъдæуттæй иу къорд, куыд: авдæнбæттæнтæ, чындзыцæуæг чызджы «хæрзбон»-ы æгъдау йæ фыды уæзæгæн æмæ йæ йæ мойы къонаимæ базонгæ кæныны фæтк, марды æгъдау. Марды иу сæвæрдтой къонайы цур, къæхтæй дуармæ, йæ сæр та къонайы ’рдæм. Уазæджы иу æрбакодтой къонамæ æмæ уыцы уысмæй фæстæмæ нымад уыд бинонтыл. Сафайы номимæ æмæ къонайы рæхысимæ баст сты ирон цардыуаджы иуæй-иу æндæр фæтк æмæ æгъдæуттæ дæр - туджынты бафидауын кæныны æгъдау æмæ ард хæрыны фæтк. Ард хордтой къонайы рæхысмæ ныдзæвгæйæ æмæ Сафайы ном ссаргæйæ. Сафайы номæй ард бахæрын нымад уыдис уæлфæдзæхст хъуыддагыл. Бинонтæ къонайы фæнычы ныгæдтой ноггуырдты бикъ æмæ-иу сыл уымæй фæстæмæ Сафа, Бынаты хицау æмæ иннæ дзуæрттæ аудын байдыдтой. [Ирон адœмы этнографи œмœ мифологи, 1994:85-86]

Шанаты Д. Т., чындзæхсæвы æмæ чындзхасты Сафаимæ баст æгъдæутты тыххæй, афтæ фыссы: «Хæдзармæ куы бахизынц чындзхæсджытæ, уæд заргæйæ Сафайы цур æрлæууынц. Чындзы Сафамæ æртæ хатты акувын кæнынц сæрæй, æмæ йын Сафайы рæхыс йæ былтыл дæр аваæрынц, цæмæй йæ йæ уазæг бакæна æмæ бæхъахъхъæна. Уый фæстæ æртæ чъирийы , физонæг æмæ нуазæн раттынц хистæр чи уа , уымæ, æмæ йын скувы. Кувæг фæзæгъы цæмæй ног бинойнаг амондджын къах æрбаваæра уыцы хæдзармæ, æмæ Бынатыхицауы уазæг уа, ноджы дзыхæй бараг куыд уа, гуыбынæй та араг, æмæ бирæ лæппутæ куыд ныййара, æмæ æндæр ахæм ныхæстæ, чи куыд арæхсы афтæ» [Къарджиаты Б.М., 1991:72]

Сафа æмæ Уациллайы кадæн чындзæхсæвты фæкæнынц зарæг «Алай».

Алай.

Ой, алай, ой, алай,

Ой, алай, ой, алай!

Ой, алай,чындзалай,

чындзалай, ой, алай!

Мах ахæм чындз фæхонæм,

фæхонæм, ой, алай!

Нæртон хорз æй ысхонæм,

ысхонæм, ой, алай!

[Ирон адæмон сфæлдыстады хæзнадонæй,1992 : 98]

2. Сафайы рæхысы ахадындзинад æмæ бынат ирон адæмон дзургæ сфæлдыстад æмæ аив литературæйы.

Ирон адæмы дзыхæй-дзыхмæ дзургæ сфæлдыстады æмæ аив литературæйы зынгæ бынат ахсынц Сафайы, къонайы рæхысы фæлгонцтæ.

Сафайы фæлгонц æвдыст æрцыд Нарты кадджыты. Цытджындœр зœдтœ кœм œрœмбырд вœййынц, уым вœййы Сафа дœр. Уыимœ арœхдœр – йœхимœ. Уœдœ Нартимœ бынтон хœларœй кœй цœры, уый бœрœг у уымœй дæр, œмœ Уырызмœгœн лœппу куы райгуырд, уœд уайтагъд урс галы œфцœгыл зœлдаг бœндœн бафтыдта œмœ Уырызмœджы дуарœй бахъœр кодта: «Чи райгуырд, уый цœринаг, йœ хъаны бар та мœн куыд уа!» Йœхœдœг гал аргœвста œмœ куывд скодта Нартœн. Лœппуйыл ном сœвœрдтой Айсана, зœгъгœ, стœй йœ Сафа ахуыдта йемœ уœларвмœ. Айсана куы рахъомыл ис, уœд œм цыдысты уынынмœ Сафайы хœлœрттœ: Уастырджи, Æфсати, Ґутыр, Уацилла œмœ иннœтœ. Сафœйœн ма уыд хъан Хъырым - Солтан дœр.

Кадæг **«Фæндыр куыд фæзынди»-** йы ирдæй зыны Сафайы рæхысæн цы нысаниуæг уыди , уый. Нарт цы иумæйаг æмбырдон хæдзар сарæзтой, уымæ æрхуыдтой Сырдоны, цæмæй йын аргъ скæна. Фыццаг цы фау æрхаста хæдзармæ Сырдон, уый уыд:

- Хæдзар хорз у , фæлæ дзы астæуæй ницы ис, æмæ …

Уæд сæхимидæг хъуыды кæнын байдыдтой Нарт, уый цæмæй зæгъы Сырдон, зæгъгæ, æмæ сын Сослан загъта:

- Уый уымæй зæгъы, æмæ хæдзары нæй рæхыс.

Нарт дын уæд саразын кодтой стыр рæхыс æмæ йæ, куыд вæййы, афтæ æрцауыгътой хæдзары астæу. [Нарты кадджытæ , 1990:236]

Ахæм сюжеты бындурыл ма арæзт у аргъау **«Уызын»** дæр. Зæдты хæдзар уызыны зæрдæмæ нæ фæцыд. Йæ дзуæппытæ та адæмæн, уыдысты Сырдоны дзуæппыты хуызæн. [Сказки о животных.1998]

Ис кадœг **«Сафа Сатанайы куыд фœсайдта».** Уым бынтон хорзœй œвдыст нœ цœуы Сафа. Ам Сатана Сафайы хоны милгуыбын.

- «Гъы, цœмœ œрцыдтœ милгуыбын?- фœрсы йœ Сатана. [Ирон адœмон сфœлдыстад, 2007: 28]

Уœдœ кадæг **«Батырадз Нарты дзуары куыд фæнадта»**-йы Нарты дзуар Сафатæм Батырадзœй œмбœхсынмœ куы балыгъд, уœд сын Батырадз кœны фидистœ, хоны сœ саухъустœ, ома арты куыст чизъи кæй у, уымœ гœсгœ.

- «Сымах хуызæн саухъусты тыххæй йын куыд хъуамæ ныббарон! Ратæрут æй тагъд, кæннод уæхиуыл дæр тугуарæн кæны! - фæхъæр сыл кодта Батырадз» .[Нарты Батырадз,1993:44]

Кадæг **«Нарты Батырадз йæ фыды туг куыд иста»**-йы Батырадз бартхъирæн кодта Сафамæ æмæ йын уый сæххæст кодта йæ курдиат:

- «Сафайæн, дæ фыд æвзæртæ бахæрæд, дæ дыууадæс куынцы куы нæ раздахай, хуымæллæджы сасирау мæ куы нæ сисай æмæ мæ Нокары быдырмæ куы нæ фæхæссай. Кæннод ыссæудзынæн æмæ дын дæ куынцытæ дæр ныцъцъæл кæндзынæн æмæ, дæ куынцытимæ чи кусы, уыдон дæр ныццæгъддзынæн.

Сафа фæтарст æмæ йæ дыууадæс куынцы дыууадæс комæй раздæхта Батырадзмæ». [Нарты кадджытæ, 2005: 397]

Сафайы хъœппœрисœй зœдтœ цардыхосы лœвœрттœ ракодтой Сосланœн - Нартœн. Уый æвдыст æрцыд кадæг **«Дауджыты лæвæрттæ Сосланæн»**-ы.

« Уæларвон Сафа сфæнд кодта дауджытæн куывд ыскæнын. Æрхуыдта лæгты дзуар Уастырджийы, æрвнæрынгæнæг Уациллайы, сырдты хицау хъæрæу Æфсатийы, фысфосыбардуаг Фæлвæрайы, уæларв Куырдалæгоны.

Æрхуыдта йæ куывдмæ дымгæтыбардуаг Галæгоны дæр, стæй фурдæй дæтты хицау Донбеттыры. Бадынц дауджытæ Сафайы хæдзары, нуазынц сау бæгæны дзæбидыры сыкъатæй. Уырдыгыстæг та цын Нарты Сослан уыди» . […] [Нарты кадджытæ, 1989: 347]

Æмбисœндтœ сты ирон адœмы дзургœ сфœлдыстады зынгœ œвœрœн. Уыдоны адœм фœлтœрœй фœлтœрмœ œвдисынц адœмы цард, сœ цыргъ зонд, сœ хъуыдытœ, сœ бœллицтœ œмœ раст хъуыддœгтœ. Фольклоры æмбæлы Сафаимæ - артимæ баст **æмбисœндтœ.**

Сафа нæ чындзæн Сæрызæд у.

Хæдзарæн - къона.

Хæдзарæн – артдзæст.

Æнæхæдзар æнæарт.

Бинонтæн – артдзæст.

Æдзæрæг хæдзарæй Сæрызæд дæр фæлидзы.

Мард дам мæгуыры къонайы фидауы.

[Ирон æбисæндтæ, 1976]

Куыд зонæм афтæмæй, уыци-уыцитæ æвдисынц адæмы цыргъзонддзинад. Уыци-уыцитæ адæймаджы ахуыр кæнынц лæмбынæг хъуыды кæнынył, дзырдарæхст уæвынył. Адæмон сфæлдыстады æмбæлынц рæхысимæ баст **уыци–уыцитæ** :

Къæдзтæ – мæдзтæ, кæдæм цæуыс?

Зултæ- мултæ, нæ мæ ауадзай?

(Фæздæг æмæ рæхыс).

Сау бæхыл сау барæг.

(Аг æмæ рæхыс).

Сауи сау бæхыл абадти.

(Аг æмæ рæхыс).

[Ирон адæмон сфæлдыстад, 2007:397]

Ирон адæмон дзыхæй-дзургæ сфæлдыстады, хуымæтæг ныхасы мидæг дæр арæх æмбæлынц къона, артдзæст, Сафа æмæ Сафайы рæхысимæ баст æлгъыстытæ. Уыдон вæййынц карз æмæ **æлгъыстыты** фыддæртæ:

Йæ рæхыс йæ фæдыл æфтыд фæуæд.

Æнæкъона фæу.

Дæ арты бынæй сау рæхыс рахæсс.

Уæ дæ сау рæхыс дæ астæуыл бабæттай, æмæ хъæузила фæкæнай!

Дæ зынг бахуыссæд.

Дæ къона фехæлæд.

Дæ къона æрбайхæлд.

[Ирон адæмон сфæлдыстад, 2007]

Фæпайда сæ кæнынц ирон æвзаг æмæ литературæ хорз чи зоны, стæй ацæргæ адæм дæр.

Аив литературæйы Сафайы рæхысæн ис йæхи нысаниуæг. «Къона æмæ рæхыс, – фыста Хетæгкаты Къоста., - алы иронæн дæр сты æппæты зынаргъдæр æмæ кувынаккаг».

Хетæгкаты Къоста йæ этнографион - публицистон уацмыс **«Особа»**-йы XIX æнусы кæрон æрфыста къонайы арæзт æмæ нысаниуæджы тыххæй: «Къона хæдзары дыууæ дихы акодта цæджындзæй фæстаг къулы онг: галиуæрдыгæй нæлгоймæгты бынат у, рахизæрдыгæй – сылгоймæгты. Нæлгоймæгты хайæн йæ къулрæбын ис фæйнæгæй, кæнæ дуртæй конд даргъ

бадæн, сылгоймæгты хайы æппынæр ницы арæзт ис бадынæн. Къона у стыр къæйттæй астæрд; къæйтыл , хæдзармæ бацæуæны 'рдыгæй кæрон, астæуккаг цæджындзмæ æввахс, фæстаг къул куыд æвæрд у афтæрдæм æвæрд у дæлтъур (къонайы бындур). Ердойæ къонамæ уагъд у æфсæйнаг рæхыс , йæ кæроныл сæвджын къæндзы. Рæхысыл сæг бæзджын фæлтæрæй сбадти; аххæрджытæ æмæ уæладзæнтæ (цары хъæдтæ) царæй сау-сауид æрттивынц. Къонайы зынг хъуамæ макуы ахуысса, цæхæр æхсæв фæнычы банордынц, æмæ афтæмæй мынæг сыгъд кæны иннæ райсомæ. Алы ирон лæгæн дæр къона æмæ рæхыс сты йæ царды ахсджиагдæр, зынаргъдæр дзауматæ». [Хетæгкаты Къ.//Доййаты Саханджерийы тæлмац, 1996:138-139].

Сафайы рæхыс – къонайы рæхыс адавын, æддæмæ раппарын мæлæтæй карздæр уыд. «Это цепь, -писал В. Б. Пфаф, - составляет святыню и выбросить ее из дому считается смертельною обидаю для хозяина». Худинаг уыд æппæт хæдзарвæндагæн дæр, тæссаг уыд уыцы ми чи кодта, уымæн дæр. Ахæм хъуыддаг - иу туг расайдта.

Къубалты Алыксандры кадæг **«Æфхæрдты Хæсанæ»-йы** Госæма йæ фыртæн йæ фыды марджыты тыххæй куы дзуры, уæд уæлдай тынгдæр тыхсы, сæ къонайы рæхыс сын кæй рафтыдтой æмæ йæ фаджысмæ кæй аппæрстой, ууыл:

Хынджылœг фœкодтой дœ мœгуыр хœдзарœй.
Карк дœм нал ныууагътой, цъиу дœм нал баззадис.
Дœ хœдзар астœуœй сау рœхыс рафтыдтой,
Къахыл œй бœбастой œмœ йœ аластой
Йœ хœр-хœр цœугœйœ нœ фаджысы рагъмœ.

[«Æфхæрдты Хæсанæ», 1996:167]

Ирон адæймаг нæ хицæн кодта мæлæтæй, къонайы рæхыс æддæмæ раппарынæй, фæчъизи йæ кæнынæй, цы карздæр уыд, уый.

Ирон œгъдаумœ гœсгœ бинонты æхсæн бындар нæй, фæлæ æрмæст чызг уæд иу уый, йæ ныййарджыты амæлæты фæстæ, йæ цæрæн хæдзармæ ахаста къонайы рæхыс .

Зæгъæм, **Гæдиаты Секъайы** радзырд **«Саударæг ус»-ы** хъайтар Гуырдзыхан, абырджытæ йын йæ ныййарджыты куы амардтой, уæд афтæ бакодта: «Гуырдзыхан Таджийы рæхыс йæ 'фцæджы бафтыдта æмæ йæ хæдзармæ ацыд». [Гæдиаты С.2011:244]

Хетæгкаты Къостайы хо **Олгъа** разынд, йœ рœстœджы прогрессивон хъуыдыгœнœг, дардмœ кœсœг. Æмбœрста Ирыстонœй, стœй œнœхъœн дунейы литературœйœ дœр, кœй фœхъуыд стыр гений, ирд стъалы œмœ фœстагœттœн ныууагъта къам: Къоста табœты, фœсте къулыл йœ фыд Леуаны хуызныв (Къостайœн йœхи конд), йœ уœлхъус лœууы йœ иунœг хо Олгъа, сœ хœдзары Сафайы рœхыс йе 'фцœгыл œркодта. Уый ирон œгъдаумœ гœсгœ нысан кœны, сœ хœдзар (сœ бинонтœ) œвœстаг кœй фесты, нœлгоймаг сœм кœй нал ис. Ахœм уавœры – иу йœ цœгаты бындары рœхыс сылгоймаг ахаста йœ цœрœн хœдзармœ. Ælгъыстæн баззад: «Дæ рæхыс де 'фцæгыл ахæсс!»

Куыд фæстæмæ, афтæ литературæйы къона , рæхыс , артдзæстимæ баст æмбарынæдтæ баззадысты **фразеологизмты** хуызы – æнæдихгæнгæ дзырдбæстытæй.

КЪОНАЙЫ РÆХЫС ÆРÆФТАУЫН

Искæй сыгъдæг удæй фæхъазын, фæхынджылæг кæнын, маст скæнын.

Мæ зæронд мады æфцæгыл мын нæ къонайы рæхыс æрбафтаудзысты. (М Д. 1970, 6.)

КЪОНА ХАЛЫН

1. Быны сæфт кæнын.

Йæ рæсугъддзинад æлдæрттæм куы байхъуыса, уæд сæ мæгуыр къона кæй байхæлдзæн, уый æмбæрстой æмæ сæ чызджы цыкурай фæрдыгау æмбæхстой. (Хъайтыхъты А. Дзæхы фæстаг балц.)

«Цы хабар у? Мæ къона байхæлд, æнхъæлдæн æмæ мыл цыдæр æрцыд», – æрæджиау ма хъарæггæнæгау бакодта Хъæллæ. (Епхиты Т. Мæ хæнкъæлыйæ хаст чызг.)

Бадти мад æнкъардæй

Арты фарсмæ къонайыл…

(Гæдиаты С.,2011:14)

2. Хæдзары бинонты цард халын, пырх кæнын.

Цæрут иу цары бын, афтæмæй мæнæн мæ зæрдæ ницæмæй ма барухс... уый дæуæн дæ къона фехæлдта. (Епхиты Т. Хохаг лæппуйы мастисæн.)

КЪОНАЙЫЛ ДОН АУАДЗЫН - АРТЫЛ ДОН АУАДЗЫН

Искæмæн стыр зиан бакæнын.

Æртхъирæнтæ кæнынц, нæ сæрыл, дам, чи нæ дзура, уыдоны къонайыл, дам, дон ауадздзыстæм. *(*Беджызаты Ч. Чи кæй?*)*

Саудженыхъты Садуллæйы къонайыл их дон ауагъта æмæ йæ быны цъен айхъуыст. *(*М Д. 1985, 8.*)*

Уый раджы уыд. Нæ фæрныг фыдæлты къонайыл сау Орда уазал дон куы ауагъта. *(*Хъайтыхъты А. Сагкаты сау хæйрæг.*)*

ДОДОЙ МЫН ДÆ КЪОНА

Æвдисы æртхъирæн. Чидæр кæмæндæр æвзæрдзинад саразыныл нæ бацуарддзæн.

Барст дын уæд ацы хатт

Ацы тыхтона!

Искуы ма фембæлæм,–

Додой дæ къона!

(Къоста, Бирæгъ æмæ хърихъупп.)

САР ДÆ КЪОНА КÆНЫ - САР ДÆ СÆР КÆНЫ

Æвдисы, чидæр кæмæндæр æвзæр саразыныл кæй нæ бацуарддзæн.

Цагъардзинады сау бæлас тынг даргъ уидæгтæ ауагъта... йæ зæнг мæрайæ-мæрадæр кæнын райдыдта æмæ сар дæ къона кæны, дзыллæтæ сæ дыстæ бафæлдахдзысты йæ акалыны тыххæй. (МД. 1984, 10.)

Хазби: Цу, Цорæ! Сармадзанты хъæр мæ хъус куы 'рцахса, уæд æз та сдардзынæн сырх тырыса. Уæд мын сар кæндзæн сæ сæр! (Брытъиаты Е. Хазби.)

Исты фæрæдыдтæ, зæгъгæ, уæд мын сар дæ сæр кæны. (МД. 1985, 8.)

САУ РÆХЫС ХÆССЫН

Стыр зиан æрцæуын.

Мæ сау рæхыс хурмæ рахастон.

Сæ фегадæн сæ Сæрызæдæй кæртмæ рахаста сæ сау рæхыс. (Плиты Х., 1950)

«Æз уыцы хабар куы фехъусон,- мæ арт куы ныууазал!- уæд мæ рæхыс мæ астæуыл, афтæмæй богътæ гæнгæ… фæцæудзынæн. (Брытъиаты Е..110)

УЫЙ ЙÆ КЪОНА ЗОНЫ - УЫЙ МÆ (ДÆ, СÆ) КЪОНА ЗОНЫ

Чидæр зын уаваæры бахауд.

Куыд уынæм, афтæмæй Сафа, къонайы рæхыс стыр бынат ахсынц Нарты кадджыты, аив литературæйы, ис Сафаимæ баст æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, æлгъыстытæ, зарæг, куывтытæ, фразеологин дзырдбæстæ. Литературæйы Сафайы фæлгонцмæ арæхстгай æвналынц фысджытæ. Сафайы уаз æмæ стыр бынат æмбаргæйæ , иннæ дауджыты æхсæн.

Сафа стыр табуйаг кæй у, æмæ йæ номимæ баст æгъдæуттæ алы ирон адæймагæн дæр уаз кæй сты, уый дызæрдыггаг нæу.

Кæронбæттæн

Нæ наукон - иртасæн куысты кæронбæттæны скодтам ахæм хатдзæгтæ: Сафа у нæ фыдœлтœм œппœты кадджындœр зœдтœй иу. Сафа у артдзœсты, къонайы рœхысы, цыргъаджы œмœ бинонты царды зœд. Уый хъахъхъœны артдзœсты зынг, бинонты фарн.

Табуйаг у Сафайы рæхыс. Сафайы номæй ард бахæрын, уыд æппæты карздæр ардыл нымад. Уыцы ардæн фæсайæн нæ уыд. Сафайы рæхыс рафтауын æмæ йæ æддæмæ раппарын, уыд стыр æфхæрдыл нымад. Уыцы æфхæрд иу расайдта тугисыны æгъдау. Уымæй уæлдай ма Сафайы номимæ æмæ къонайы рæхысимæ баст сты туджынты бафидауын кæныны æгъдауттæ дæр.

Ирдæй æвдыст цæуы Сафайы сурæт адæмон сфæлдыстад æмæ аив литературæйы. Сафа стыр бынат ахсы Нарты кадджыты, ис Сафаимæ баст æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, æлгъыстытæ, зарæг, куывтытæ, фразеологин дзырдбæстæ. Ирон чыныдзæхсæвы йын ис сокралон нысаниуæг, баст у авдæнбæттæнимæ.

Нæ наукон – иртасæн куысты нысаниуæг уый мидæг уыдис æмæ кæд абон хæдзары астæу къона нал кæнынц, æмæ Сафаимæ баст æгъдæуттæ рохуаты зайынц , уæддæр хъуамæ рæзгæ фæсивæд зоной чи у Сафа, цавæр кад йын уыд, нæ равзæрдæй абонмæ, цавæр сокралон мидис ис Сафаимæ баст æгъдæутты. Стæй ирон литературæйы, фольклоры куыд æвдыст æрцыд, уый.

Сафайы фæлгонц – æрмæст мифологион нæу, фæлæ у зынаргъ æмæ хъахъхъæнинаг историон гуырæн. Ныры дуджы мах бахъуыд хъæддых фæлæууын, уымæн æмæ нæ цард фæцух духовон хъомыладæй. Мах уырны, ивгъуыдмæ акæсгæйæ, нæ истори, литературæ, уырнынад æмæ æгъдæуттæ зонгæйæ, рæзгæ фæлтæрæн сæ удварны хæзнатæ фæфылдæр уыдзысты.

Библиографи

1. Абаев В. И. ИЭСОЯ. Т.2. Л.: Наука,1973.

2. Гуыриаты Т. Ирон - уырыссаг дзырдуат. Дзæуджыхъæу, 1993.

3. Гуытъиаты Хъ. Нарты кадджытæ. Орджоникидзе, 1989.

4.Дзабиты З. Т. Фразеологический словарь иронского диалекта. - Цхинвал: Полиграфическое производственное объединение РЮО, 2-е дополненное издание.

5. Дзадзиты А.Б., Дзуццаты Х.В., Хъараты С.М. Къона//Ирон адæмы этнографи æмæ мифологи. Дзæуджыхъæу, 1994.

6. Къарджиаты Б.М. Ирон æгъдæуттæ. - Дзæуджыхъæу, 1991.

7. Къубалты А. Æфхæрдты Хæсанæ.//Ирон литературæ, Дзæуджыхъæу, 1996,

8. Миллер В. Ф. Осетинские этюды. Ч. 2. М.,1881

9. Нарты кадджытæ/Сарæзт. В. Абайты, Н. Багаты. Дзæуджыхъæу,1995.

10. Салæгаты З. Ирон адæмон сфæлдыстад. 1 т., 2 т., Дзæуджыхъæу, 2007.

11. Хæмыцаты Т.А.Ирон адæмон сфæлдыстады хæзнадонæй. Дзæуджыхъæу, 1992.

12. Хæмыцаты Т.А. Нарты кадджытæ. Москва, 1990.

13. Хетагуров К. Л. Особа // Хетагуров Собр.соч. в 3-х т. Т. 2. М.: Худ. лит., 1974.

14. Цгъойты Х. Арвы айдæн. Дзæуджыхъæу, 2005 .

Уæлæмхасæн æрмæг.

Сафа æмæ Уациллайы кадæн чындзæхсæвты фæкæнынц зарæг «Алай».

Алай.

Ой, алай, ой, алай,

ой, алай, ой, алай!

Ой, алай, чындзалай,

чындзалай, ой, алай!

Мах ахæм чындз фæхонæм,

фæхонæм, ой, алай!

Нæртон хорз æй ысхонæм,

ысхонæм, ой, алай!

Урсцъар амæ тымбылрус,

тымбылрус, ой, алай!

Уæнгрог æмæ зæрдæрухс,

зæрдæрухс, ой, алай!

Хъазхъуыр æмæ фæтæнриу,

фæтæнриу, ой, алай!

Æгъдауимæ куыстæн – зиу,

куыстæн – зиу , ой, алай!

Сауцæст æмæ зылдæрфыг,

зылдæрфыг, ой, алай!

Ахæм рæсугъд – сырхфæрдыг,

сырхфæрдыг, ой, алай!

Йæбакастæй сæрджын саг,

сæрджын саг, ой, алай!

Йæ дæлæвзаг – мыдæй дзаг,

мыдæй дзаг, ой, алай!

Уæд кафынмæ куыд тасы,

куыд тасы, ой, алай!

Йæ зæрин хил æрфасы,

æрфасы, ой, алай!

Йæ астæу уæд нылвасы,

нылвасы, ой, алай!

Дардыл уæнгтæ куы айсы,

куы айсы, ой, алай!

Уæларвонау æрсимы,

æрсимы, ой, алай!

Сахъ зæрдæ йæм нырризы

нырризы, ой, алай!

Йæ иу уæхскыл – зырн авдæн,

зырн авдæн, ой, алай!

Уым хъæбул ис йæ мадæн

йæ мадæн, ой, алай!

Рухс уыдзæнис йæ уалдзæг,

йæ уалдзæг, ой, алай!

Рухс уыдзæнис йæ фæззæг,

йæ фæззæг, ой, алай!

Куывдтытæ

«Æртхурон Сафа, дæ хорзæх нæ уæд!»

«Уæларт Сафа! Ацы сывæллон де ’уазæг. Къонайы бардуаг, дæ базыры бын æй бакæ, амонд йын ратт!

Кæхцгæнæны зарæг.

Сæ къонайыл нæл гæды,

Рахæссут нын бæгæны…



САФА- КЪОНАЙЫ БАРДУАГ







Священные предметы горского жилища: очаг, котел на цепи, трехногий столик, диван хозяина





Къонайы рæхыс